



STATE OF DELAWARE  
**DEPARTMENT OF NATURAL RESOURCES AND  
ENVIRONMENTAL CONTROL**

OFFICE OF THE  
SECRETARY

RICHARDSON & ROBBINS BUILDING  
89 KINGS HIGHWAY  
DOVER, DELAWARE 19901

PHONE  
(302) 739-9000

23 Jen 2025

Pou kominote Vil Delaware la:

Lèt sa a swiv yon rankont lameri kote nou te pwomèt Depatman Resous Natirèl ak Kontwòl Anviwònmantal ta pral fè yon pi bon travay nan afè kominike sou pwoblèm anviwònmantal ki enplike rafinri Vil Delaware. Nou pran responsablite aplikasyon lalwa anviwònmantal nou an seryezman epi kòm Sekretè DNREC mwen vle rapòte ba nou konsènan estati de (2) aksyon aplikasyon lalwa aktyèl.

Jodi a, DNREC te anonse nou te delivre yon Notifikasyon Vyolasyon - yo konnen sou non NOV - bay Delaware City Refining Company (Konpayi Rafinri Vil Delaware) pou yon ensidan emisyon 10 èdtan ki te rive nan dat 13 mas 2025. NOV a se pou devèsman san otorizasyon kontaminan atmosferik, paske yo pa t opere yon aparèy kontwòl annakò ak otorizasyon atmosferik izin lan, epi opasite eksesif (sa vle di lafimen nwa) ki soti nan inite kokefaksyon fliyid li an.

NOV sa a adrese ensidan emisyon rafinri an nan dat 13 mas, ki se yon ensidan separe parapò ak ensidan ki te rive resamman soti nan dat 26 me pou rive 12 jen kote yon kontwòl polisyón primè pa t fonksyone epi yo te itilize yon aparèy kontwòl polisyón derezèv. Ensidan nan mwa me-jen an, sa ki te pèmèt emisyon di-oksid souf ki siperyè ak nivo ki otorize, toujou nan faz ankèt la nan kad pwosesis aplikasyon lalwa DNREC a.

Ou ka jwenn plis detay konsènan devèsman rafinri an nan dat 13 mas epi aksyon aplikasyon lalwa DNREC ap pran nan anons nou an nan <https://news.delaware.gov/2025/06/24/dnrec-issues-notice-of-violations-to-refinery-for-march-emissions-release/>.

Sa nou vle kominote a konprann se: yon NOV sejis yon etap nan pwosesis aplikasyon lalwa DNREC a ki gen plizyè faz ki jeneralman enkli:

1. **Rapò inisyal oubyen notifikasyon devèsman anviwònmantal**, pou yon etablisman endistriyèl sa ka vle di nou kwè emisyon depase limit ki dwe rapòte oubyen limit ki otorize
2. **Ankèt anviwònmantal**, sa enkli ramase done emisyon epi ankèt sou koz ensidan an
3. **Notifikasyon Vyolasyon**, ki fòmèlman dokimante kijan DNREC konprann fè yo, kontèks ak yon deskripsyon yon vyolasyon
4. **Notifikasyon Evalyasyon Sanksyon Administratif**, ki pwopoze yon sanksyon monetè dapre severite ak dire vyolasyon an.
5. **Notifikasyon Konsilyasyon**, kote yo preskri aksyon espesifik yon etablisman te aksepte pran pou l retounen an règ ak lalwa.

6. **Òdonans Sekretè DNREC**, ki ekzije mezi koreksyon ki dwe konplete nan yon delè defini.
7. **Apèl legal posib pa konpayi a kont yon NOV, ekzijans oubyen sanksyon DNREC**, ki atravè lalwa ka ale nan Komite Apèl Anviwònmantal la ak tribunal eta a.

Pwosesis aplikasyon lalwa administratif DNREC a enpe sanble ak pwosesis kriminèl la pou moun, kote gen yon rapò sou yon krim, yon ankèt, yon detèminasyon yon krim te fèt, yon arrestasyon, yon jijman epi yon kondanasyon, ak posiblite pou fè apèl. Chak etap gen ekzijans diferan anba lwa eta a, epi pase nan chak etap sa yo ka pran tan. Deklarasyon jodi a konsènan NOV a pou sa ki te rive nan dat 13 mas la se yon etap nan mitan wout nan pwosesis sa a, ak nenpòt sanksyon posib ki ka vini pi ta nan pwosesis aplikasyon lalwa a.

Nenpòt sanksyon oubyen ekzijans pou ensidan rafinri an nan dat 13 mas la pral fèt publikman, epi yon pòsyon nan nenpòt sanksyon monetè pral ale nan yon fon ki ka itilize pa kominote lokal la pou pwojè ki benefisyé anviwònman an.

Nou espere lèt sa a pou kominote Vil Delaware la itil nan konprann aksyon nou te anonse jodi a, epi nan konprann pwosesis aplikasyon lalwa DNREC a konsènan vyolasyon ki rive nan nenpòt etablisman oubyen konpayi DNREC ap sipèvize.

Sensèman,



Greg Patterson

Sekretè DNREC